



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO KANPAY TOURISTIK ESTIVAL "SEE THE CATSKILLS LIKE NEVER BEFORE" NAN DEFI CATSKILL 2019 YO**

***Kanpay Lan Vize Pote Menm Plis Vizitè nan Rejyon an epi Li Gen Ladan Nouvo Kanpay Piblisite I LOVE NY pou Platfòm TV ak Dijital yo, yon Nouvo Sit Entènèt ak Aplikasyon Touristik, ak Bwochi Ki Enprime yo - Gade Piblisite yo [La a](#) ak [La a](#)***

***Pwogram Kanpay lan Gen Ladan "Catskills Fire Tower Five Challenge" ak "Hike with Us • Catskills" pou Mennen Nouvo Moun Ki Renmen Randone ak Sa Sezonye yo nan Rejyon an***

***Yo Te Envesti Plis Pase 40 Milyon Dola Depi 2011 Pou Pote Plis Vizitè nan Catskills***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo kanpay touristik estival sou twa fasèt pou pote menm plis vizitè nan Catskills pandan sezon sa a, apre reyisit Defi Catskill 2016 yo ak kanpay touristik. Nouvo kanpay "See the Catskills Like Never Before" (Vizite Catskills Yon Fason Tou Nèf) lan, ke yo te anonse nan Defi Catskill 2019 ane sa a, pral gen ladan yon nouvel piblisite TV ak sou entènèt ak lòt materyèl piblisite ki sible yo ki ap pwomouvwa destinasyon touristik klas mondyal ak opòtinite rekreyatif yo nan rejyon Mid-Hudson lan. Pwogram prensipal kanpay la gen ladan yo nouvo Catskills Fire Tower Five Challenge la (Defi Senk Fa Dife Catskills), ki pral ankouraje moun ki renmen randone ki eksperimente yo vin vizite senk fa dife ki rete nan rejyon an, ak Hike with Us • Catskills, ki pral sible nouvo moun ki renmen randone yo ki vle kèk oryantasyon. Otorite ki eli yo ak manm kominotè yo, ki gen pami yo Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul, te patisipe nan Defi Catskill ane sa a pou ekspoze pakèt aktivite ekstèn ke vizitè yo ka pwofite de yo. Depi lè li te fin rantre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo te envesti plis pase 40 milyon dola pou ogmante touris nan Catskills.

"Catskills gen yon wòl ki enpòtan anpil nan istwa Eta New York epi nou vle ekspoze li a pi plis moun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Youn nan pi gwo motè ekonomik yo nan eta sa a se sektè touristik la epi nou vle fè li vin menm pi djanm, epi nou vle mete Catskills nan tèt lis kote ke ou dwe vizite yo pou ka reyèlman konprann bote Eta New York lan. Se sa Defi Catskill ak nouvo kanpay touristik sa a ak pwogram randone yo ye an reyalyte, epi nou pral kontinye envesti pou pote plis vizitè nan zòn sa a plis ke jamè."

"Catskills apa atire vizitè pandan tout ane a, sa ki ap bay yon bourad konsiderab pou biznis lokal yo", **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul, ki te patisipe nan defi ane sa a, te deklare.** "Nouvo kanpay ak pwogram touristik nou yo pral pwomouvwa rejyon Mid-Hudson lan epi ankouraje plis moun ak fanmi vin vizite epi pwofite de

Catskills. Nou konnen ke sa se yon fason enfayib pou nou devlope endistri touristik la ak ekonomi Konte Sullivan ak zòn ki alantou yo."

Defi Catskill 2019 la te akeyi envite, ki gen pami yo fonksyonè eta ak lokal yo ak lidè nan endistri touristik la, nan Konte Sullivan pou yon jounen aktivite ekstèn ki ap mete rejyon an valè. Aktivite ke yo te òganize jodi a te gen pami yo: lapèch nan Willowemoc Creek; paddling, volebòl ak lanaj nan Lake Superior State Park; randone nan Frick Pond Loop ki sitiye tou pre Mongaup Pond Campground Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta la; monte bisiklèt sou santye Hurleyville Milk Trail ke yo fèk fin kreye nan Fallsburg; monte sou cheval nan Rolling Stone Ranch ki nan Bethel; nèf tou pou gòlf nan tèren Lochmor Golf Course; ak mizik ak yoga nan espas Fwar Mizik ak Atistik Woodstock (Woodstock Music and Art Fair) orijinal la.

Jounen an te konkli ak yon resepsyon manje ak bwason Taste NY nan Bethel Woods Center for the Arts, kote Gouvènè Cuomo te prezante pwoklamasyon "The 50th Anniversary Celebration of the 1969 Woodstock Music & Art Fair (Selebrasyon 50yèm Anivèsè Fwar Mizik ak Atistik Woodstock 1969 lan)" anvan aktivite ki gen pou vini yo ki pral komemore 50èm anivèsè konsè 1969 ikonik lan. Pwoklamasyon an te aksepte pa Alan Gerry, ki te ede finanse konstwiksyon Bethel Woods Center for the Arts ki nan espas konsè orijinal la. Ou ka jwenn yon kopi pwoklamasyon an [la a](#).

Aprè defi a, Gouvènè Cuomo te anonse lansman kanpay "See the Catskills Like Never Before" lan, ki pral dirije pa Empire State Development ak DEC. De pwogram prensipal kanpay la gen ladan Catskills Fire Tower Five Challenge lan ak Hike with Us • Catskills.

### **Catskills Fire Tower Five Challenge**

Catskills Fire Tower Five Challenge lan ap ankouraje moun ki eksperimante nan randone yo vin vizite senk fa dife ki rete nan rejyon an, ki sitiye nan Montay Balsam Lake (Hardenburgh), Montay Hunter (Hunter), Montay Overlook (Woodstock), Montay Red Hill (Denning), ak Montay Tremper (Shandaken). Moun ki renmen randone yo ka soumèt foto tèt yo ak patnè randone yo nan chak fa dife yo ansanm ak dat randone yo ak nenpòt istwa sou randone yo nan [CatskillsChallenge@dec.ny.gov](mailto:CatskillsChallenge@dec.ny.gov). 500 premye moun ki konplete defi sa a pral resevwa yon tikè Pak gratis pou sezon an epi yo pral kalifye pou yon plak lisans Eta New York edisyon espesyal komemoratif ki gen ladan Catskills. Tout patisipan ki konplete defi a pral resevwa yon sètifika, epeng komemoratif ki elabore espesyalman yo, ak yon souskripsyon pou yon ane pou magazin *Conservationist* DEC a. Konpetisyon sa a ap kontinye jiska 31 Desanm 2019. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [firetowerchallengeny.com](http://firetowerchallengeny.com).

### **Hike with Us • Catskills**

Yo te elabore Hike with Us • Catskills pou fanmi ki amatè nan randone yo. Seri 15 randone nan nivo amatè sa yo elabore pou bay yon eksperyans amizan, ki sekirize, epi entwodikatif ki ap ankouraje patisipasyon ki ap kontinye yo pandan ke yo ap bay mesaj edikatif ak aptitud ekstèn pou patisipan yo. Randone ki gide yo klase soti nan twa kilomèt a dis kilomèt epi yo pral òganize yo nan konte Greene, Sullivan, ak Ulster.

Pou kowenside ak chak lokal randone yo, Empire State Development te jenere itinerè ak lòt aktivite, atraksyon, ak pwèn enterè yo, ki gen ladan rekòmandasyon pou dine ak lojman yo. Itinerè yo disponib sou aplikasyon "Pocket Ranger" DEC a (ki nan App Store, chèche aplikasyon New York Fish and Wildlife App) ak nan [iloveny.com/Catskills](http://iloveny.com/Catskills).

Pwogram Hike with Us • Catskills lan ap sipòte Dekrè Egzekitif "Health Across All Policies/Age-Friendly NY" Gouvènè Cuomo a, ki ap pase ajans eta yo enstwiksyon pou enkòpore prensip kominote ki apwopriye pou tout trançh laj epi pou sante yo nan pwogram ak politik ki enpòtan yo.

Gen plis enfòmasyon sou Hike with Us • Catskills ki disponib nan <http://on.ny.gov/hikewithus>.

### **Nouvèl piblisite I LOVE NY TV ak Dijital**

ESD pral lanse yon nouvo kanpay ki ap pwomouvwa Catskills ak yon [nouvèl piblisite](#) ki ap pwomouvwa Catskills Fire Tower Five Challenge a ak Hike with Us • Catskills. Yon lòt [piblisite 30 segond](#) gen ladan eksitasyon siklis nan montay yo nan Windham Mountain Bike Park ak desant liy vwayaj areryen [Montay Hunter](#); randone pou ale nan [fa dife](#) ki sou tèt [Montay Overlook](#); acha nan biznis lokal yo ki sou tout Tinker Street ki nan Woodstock epi goute bwason atizanal yo nan brasri Woodstock Brewing ki nan [Phoenicia](#); eksplòre Maurice D. Hinchey Catskill Visitor Center ki nan Mount Tremper ak pi gwo kaleyidoskòp ki gen nan mond lan ki nan Emerson Resort and Spa; epi fè kanpin nan North-South Lake Campground ki nan Konte Greene. Piblisite yo pral pase sou platfòm an dirèk ak dijital yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la, Howard Zemsky te deklare,** "Peyizaj natirèl etonan New York yo se yon katalizè pou kantite touris rekò epi Defi Catskill yo ap ekspeze youn nan pi bèl zòn nou genyen yo ak pakèt aktivite pou vakans yo, eksperyans ak destinasyon yo ke yo ap ofri pou vizitè yo nan Eta New York."

**Komisè Pak yo Erik Kulleseid te deklare,** "Catskills ap ekspeze atou natirèl etonan Eta New York yo, ak lak klè yo, vizyèl ki eksepsyonèl ak santye randone ki pitorèsk yo. Mwen ankouraje fanmi ak zanmi yo al eksplòre tout opòtinite divestisman enkwayab sa yo ki nan ak alantou rejyon Catskills".

**Komisè DEC an, Basil Seggos, te di,** "Catskill Park a yon distans kout de plizyè milyon moun New York ak fanmi yo ki ap chèche soti deyò epi eksplòre. Randone ke DEC gide yo ak Catskills Fire Tower Five Challenge yo ap ankouraje moun New York yo soti deyò epi jwenn pwòp avanti yo tou pre lakay yo, pandan ke yo ap enfòme sou istwa fa dife New York yo epi eksperimante bote Catskills Park lan".

**Senatè Jen Metzger te deklare,** "Sila pami nou yo ki ap viv nan zòn nan konnen divèsite enkwayab avanti ekstèn, èv atistik, ak kilti yo ke rejyon Catskills gen pou ofri. Li mèveye pou nou wè ke yo te mete aksan sou sa nan Defi Catskills yo, epi mwen espere wè ansyen zanmi yo epi akeyi nouvo vizitè yo ki ap patisipe nan aktivite jou sa yo!"

**Manm Asanble Aileen Gunther te deklare,** "Chak ane, moun New York yo ansanm ak touris yo dekouvri bote ak istwa rich rejyon Catskills lan. Touris ap sèvi kòm yon motè ekonomik pou kominote nou yo, epi nou rekonesan poutèt angajman Gouvènè a kontinye pran pou asire ke plis moun kapab eksperimente tout sa ke Catskills gen pou ofri".

**Prezidan Lejislati Konte Sullivan lan, Luis Alvarez te deklare,** "Pandan plizyè jenerasyon, fanmi yo te rasanble epi kreye moman memorab nan Catskills, epi nou remèsye Gouvènè a poutèt efò li kontinye fè yo pou ankouraje menm plis moun vizite peyizaj nou yo. Nouvo pwogram ke yo te anonse jodi a yo ideyal pou eksploratè ki amatè ak sa ki veteran yo ki vle eksperimente tout sa ke Catskills gen pou ofri".

**Chèf Egzekitif Konte Ulster a Pat Ryan te deklare,** "Catskills ap konbine yon kokennchenn aktivite ekstèn ak èv atistik, kilti ak amizman. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li te pran angajman pou pote plis touris nan rejyon nou an, epi poutèt li ap mete aksan sou bote natirèl li yo atravè Defi Catskill yo. Nou espere akeyi nouvel vizaj ak vizaj ki fanmiye yo nan pak glorye sa yo nan ane ki gen pou vini yo".

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo te fè investisman san presedan nan endistri touristik Eta New York lan, ki gen ladan plis pase 40 milyon dola pou pwomouvwa touris nan Rejyon Catskills. Efò sa a te abouti a nivo kantite touris ak depans dirèk istorik.

An 2017, New York te akeyi yon kantite rekò 243.8 milyon vizitè ki te depanse 67.6 milya dola, ki jenere yon enpak ekonomik total ki plis pase 100 milya dola pou katriyèm ane youn apre lòt. Endistri touris la se twazyèm pi gwo anlwayè nan eta a, ki ap sipòte 938,800 pòs travay chak ane.

Prèske 12 milyon moun te vizite Catskills an 2017 - 268,000 vizitè an plis ke an 2016, ak yon ogmantasyon 18 pousan depi 2011. Touris rejyonal jenere plis pase 1.3 milya dola nan depans dirèk vizitè yo fè, ki gen ladan 161 milyon dola nan taks Eta ak lokal yo, epi sipòte plis pase 18,500 djòb atravè kat konte.

Nan kad inisyativ Adventure NY Gouvènè Cuomo a, DEC ap fè investisman estratejik pou elaji aksè a rekreyasyon ekstèn ki aktif, ki bon pou sante, konekte plis moun New York ak vizitè yo ak lanati ak mond ekstèn yo, pwoteje resous natirèl yo, epi bay bourad a ekonomi lokal yo. Inisyativ sa a pral kore achèyman plis pase 75 pwojè nan ane k ap vini yo, soti nan amelyorasyon nan kan jèn moun ak sant edikasyon sou anviwònman yo, rive nan nouvo lansman bato, pèsyèn, ak santye pou randone yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou planifikasyon yon avanti ekstèn nan Eta New York, vizite sit entènèt DEC a nan <http://www.dec.ny.gov/outdoor>.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)